

Kesyon paran yo poze (swit)

K: Èske nou garanti tout timoun ki aplike pou lekòl prematènèl yon plas nan yon pwogram?

R: Non. yo aksepte timoun yo dapre kantite plas ki disponib.

K: Kouman m ap konnen si yo aksepte pitit mwen an nan yon pwogram prematènèl?

R: Y ap voye yon avi ba fanmiy lan.

K: Èske yo ofri sèvis otobis pou mennen timoun yo lekòl?

R: Yo pa ofri sèvis otobis pou timoun ki pral nan klas prematènèl.

K: Gen yon moun ki sigjere pitit mwen an bezwen sèvis Edikasyon espesyal. Kisa mwen dwe fè?

R: Yo ofri sèvis Edikasyon espesyal lè yo fè yon evalyasyon ki detèmine pitit ou bezwen sèvis sa yo.

K: Kisa k ap pase si pitit mwen an pa pale angle?

R: Pitit ou a ap resevwa ansèyman ki apwopriye nan lang angle.

Lekòl te ouvri 8 septanm 2009.

Pou plis enfòmasyon sou enskripsyon tanpri kontakte biwo enskripsyon nan minisipalite yo fason sa yo :

	DISTRİ	ADRÈS	TELEFÒN
BX	7, 9, 10	1 Fordham Plaza, Bronx 10458	(718) 741-8495
	8, 11, 12	1230 Zerega Avenue, Bronx 10462	(718) 828-2975
	8, 11, 12	3450 East Tremont Avenue, Bronx 10465	(718) 794-7420
BK	17, 18, 22	1780 Ocean Avenue, Brooklyn 11230	(718) 758-7687
	20, 21	415 89th Street, Brooklyn 11209	(718) 759-4914
	13, 14, 15, 16	29 Fort Greene Place, Brooklyn 11217	(917) 696-5790
	19, 23, 32	1665 St. Mark's Avenue, Brooklyn 11233	(718) 922-4946
M	1, 2, 4	333 Seventh Avenue, 12th Fl., New York 10001	(917) 339-1755
	3, 5, 6	388 West 125th Street, 7th Fl., New York 10027	(212) 342-8300
Q	24, 30	28-11 Queens Plaza North, Long Island City 11101	(718) 391-8386
	25, 26	30-48 Linden Place, Flushing 11354	(718) 281-3791
	27	82-01 Rockaway Boulevard, Ozone Park 11416	(718) 348-2929
	28, 29	90-27 Sutphin Boulevard, Jamaica 11435	(718) 557-2774
SI	31	715 Ocean Terrace, Bldg. A, Staten Island 10301	(718) 420-5629

Biwo Early Childhood Education

52 Chambers Street, Room 213, New York, NY 10007 • 212.374.0351
<http://schools.nyc.gov/earlychildhood>



Etap pou reyisi Aplikasyon pou Prematènèl

Pwosesis aplikasyon

Si pitit ou a ap gen katran disi 31 desanm 2009, li kalifye pou pwogram prematènèl.

Pou w mande enfòmasyon osijè pwosesis aplikasyon ak adrès pou pwogram prematènèl, tanpri :

- Ale sou sit wèb DOE a nan <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/PreK>
- Vizite lekòl primè ki nan zòn lakay ou.
- Vizite lekòl primè ki nan zòn lakay ou a pou w ka pran yon pake aplikasyon pou prematènèl

Dokiman

Lè w ap enskri pitit ou a, tanpri pote dokiman ki pwouve laj li genyen, adrès li, ak kat vaksinasyon li.

Prèv laj

- Y ap aksepte orijinal batistè oswa
- Yon paspò ofisyèl ki endike dat nesans li.

Prèv adrès

li pa fèt pou gen plis pase 60 jou depi ou resevwa l

- Yon bòdwo sèvis piblik (gaz, dlo, oswa elektrisite), pa egzanp, *Keyspan*, *Con Edison* oswa Long Island Power Authority)
- Dokiman ki gen papye antèt gouvènman federal, leta oswa lokal (paegzanp, IRS, City Housing Authority, Administration for Child Services oswa yon kontra ak ACS ki endike non ak adrès moun k ap viv nan kay la)
- Lèt atestasyon sou adrès, si sa aplikab, dapre regleman A-101 Chanselye

OSWA yon melanj de nan lis ki pi ba a :

- Kontra lwaye, papye kay oswa deklarasyon ipotèk (Mortgage)
- Bòdwo taks ou peye sou pwopriete
- Bòdwo dlo
- Papye ofisyèl kote yo fè pewòl (paegzanp, fòm /resi taks)

Tanpri sonje timoun yo dwe prezan lè w ap enskri yo pou pwogram prematènèl!

Egzijans onivo lasanfe nou f pou akseptè fimoun nan Premat n l

Nou mande paran yo pou yo garanti pitit yo satisfè tout egzijans nou fè nan domèn lasante. Yon doktè Depatman Sante ak Iyèn mantal *Department of Health and Mental Hygiene* (DOHMH) vil Nouyòk ka konsilte pitit ou a si w pa ka jwenn yon doktè sou bò pa w.

Nou egzije tout nouvo elèv k ap antre nan lekòl la pou yo fè yon egzamen fizik.

Obligasyon pou timoun lan pran vaksen

Dènye ane ki fèk pase yo, yo ajoute kèk egzijans pou elèv nan vil Nouyòk pran vaksen. DOHMH egzije tout nouvo elèv fè tès pou detekte maladi sa yo : HIB (pou elèv prematènèl sèlman), DPT, Polyo, MMR, HBV, ak Varisèl. N ap eksplike pi ba a seri vaksen ki obligatwa yo :

Yo ka admèt pwovizwaman timoun ki pa ranpli kondisyon sa yo akondisyon yo pran rès dòz yo rete nan plan vaksinasyon yo.

PREMATÈNÈL
Difteri, Tetanòs, Koklich (DTP, DTaP) : 4 dòz
Polyo (IPV oswa OPV) : 3 dòz
Lawoujòl, Malmouton, Ribeyòl (MMR) : 1 dòz jòu li gen ennan oswa apre
Grip Emofili Tip B (HIB) 1 dòz (jòu li gen 15 mwa oswa apre) oswa 3 dòz (si li pran yo anvan 15 mwa)
Epatit B (HBV) : 3 dòz
Varisèl : 1 dòz jòu li gen ennan oswa apre

Asirans pou swen lasanfe

Gen asirans pou swen lasante gratis oswa abonmache ki disponib pou tout timoun ki poko gen 19 ane pa lentèmedyè Pwogram *Child Health Plus* Leta Nouyòk, kèlkeswa kondisyon imigrasyon timoun lan oswa paran li. *Child Health Plus* ofri swen medikal yon timoun bezwen, tankou egzamen fizik, swen ka doktè je ak ka dantis, vaksinasyon, ak preskripsyon. Si w vle gen plis enfòmasyon, telefòn 311, oswa ale nan youn nan Biwo asirans DOHMH pou swen lasante ki pre lakay ou, nou site nan pwochen paj la.

Tanpri pote avèk ou dokiman ki pwouve adrès, laj, idantite ak kantite lajan fanmiy an touche nan yonn nan lokal nou site pi ba a. Telefòn davans pou konfime lè lokal sa yo louvri.

BRONX	Tremont Health Center 1826 Arthur Avenue, Basement, Bronx, NY 10457	(718) 466-8842, estansyon 43/44
BROOKLYN	Brownsville Health Center 259 Bristol Street, 2nd Floor, Brooklyn, NY 11212	(718) 495-8235
	Fort Greene Health Center 295 Flatbush Ext., Basement, Brooklyn, NY 11201	(718) 643-3410 (718) 643-3406
	Homecrest Health Center 1601 Avenue S, 1st Floor, Brooklyn, NY 11229	(718) 336-2553, estansyon 144/145
QUEENS	Corona Health Center 34-33 Junction Blvd., Jackson Heights, NY 11372	(718) 476-7189
	Parsons Boulevard 90-37 Parsons Boulevard, Jamaica, NY 11432	(718) 262-5512
MANHATTAN	Chelsea Health Center 303 Ninth Avenue, 1st Floor, New York, NY 10001	(212) 244-0841
	Washington Heights Health Center 600 West 168th Street, New York, NY 10032	(212) 491-1661 (212) 491-4453
STATEN ISLAND	Richmond Health Center <i>li ouvri lè mèkredi sèlman</i> 51 Stuyvesant Place, Room 203, Staten Island, NY 10301	(718) 420-6071

Kesyon paran yo poze

K: Nan ki lekòl pitit mwen an prale? Èske mwen ka chwazi yon lekòl?

R: Ou ka aplike nan lekòl leta ak nan CBO ki gen kontra pou UPK. Pake aplikasyon prematènèl la dekri chwa sa yo.

K: Kouman mwen ka jwenn kote lekòl pou elèv nan zòn pitit mwen abite a sitiye?

R: Ou kapab telefòn 311, e bay yo adrès ou, oswa ale sou sit wèb DOE a nan <http://schools.nyc.gov> epi swiv eksplikasyon n ap bay pi ba yo :

Anba kote ki make "Find A School".

- itilize ti flèch ki anba "School Level" pou ka jwenn klas pitit ou a pral fè;
- klike sou "Begin Search".
- Swiv eksplikasyon ki sou ekran an.

K: Kouman mwen ka jwenn yon CBO ki gen pwogram UPK?

R: Gen yon anyè konplè ki gen lis tout CBO ki gen kontra pou UPK yo ki disponib nan pake aplikasyon an.